# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
12.11.2003-жыл №217/II

## БАСПА ЖУМЫСЫ ҲАҚҚЫНДА

### 1-статья. Баспа жумысы ҳаққында нызам

Қарақалпақстан Республикасында баспа жумысы тараўындағы қатнасықлар усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлери менен ретлестириледи.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамаларында баспа жумысы ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Нызам актлериндегиден басқа режелер белгиленген болса, онда халықаралық шәртнамаларда нәзерде тутылған режелер қолланылады.

### 2-статья. Баспа жумысының еркинлиги

Басып шығарыўшылар өз жумысында, соның ишинде баспа бағдарын, тематикасын, қәнигелесиўин, шығарылатуғын өнимниң тиражын белгилеўде, автор таңлаўда ғәрезсиз болады.

Басып шығарыўшы ҳәм буйыртпашы арасындағы қатнасықлар шәртнама тийкарында тәртиплестириледи.

### 3-статья. Цензураға жол қойылмаслық

Басып шығарыўға таярланған қолжазбалар ҳәм материалларды цензурадан өткериўге жол қойылмайды.

### 4-статья. Баспа жумысының еркинлигинен ғәрезли мақсетлерде пайдаланыўға жол қойылмаслық

Баспа өниминде конституциялық дүзимди зорлық пенен өзгертиўге шақырыў, мәмлекетлик қупияларды жәрия етиў, урысты, зорлық-зомбылықты ҳәм порнографияны үгит-нәсиятлаў, диний ҳәм миллий келиспеўшиликти келтирип шығарыў, адамның ар-намысын, қәдир-қымбатын кемситиў, жала жабыў қадаған етиледи.

Баспа жумысында монополияға, сондай-ақ баспа жумысының еркинлигин нызам актлери талапларына қарама-қарсы келетуғын мақсетлерде пайдаланыўға жол қойылмайды.

### 5-статья. Баспа жумысының мониторинги ҳәм қадағаланыўы

Баспалардың баспа  жумысы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине бойсыныў мониторинги, сондай-ақ лицензия талаплары ҳәм шәртлерине бойсыныўы үстинен қадағалаў ўәкилликке ийе мәмлекетлик уйым тәрепинен белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**6-статья. Баспа жумысын лицензиялаў**

Юридикалық ҳәм физикалық тәреплер баспа жумысын лицензия алғаннан кейин әмелге асырыўға ҳақылы.

Баспа жумысын лицензиялаў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**7-статья. Лицензиялар бериўде** ҳәм олардан пайдаланыў мүддетин созыўда **мәмлекетлик төлемлердиң жеңиллетилген муғдарлары** *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Балалар әдебияты, оқыў, нормативлик-мағлыўматлық, илимий-техникалық әдебиятларды баспаға таярлаў ҳәм оларды басыў ушын лицензия бериў және де лицензиядан пайдаланыў мүддетин созғаны ушын мәмлекетлик төлемлердиң жеңиллетилген муғдарлары белгилениўи мүмкин. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**8-статья. Шөлкемлестириўши**

Юридикалық ҳәм физикалық тәреплер баспа менен полиграфиялық кәрханалардың шөлкемлестириўшилери (бирликте шөлкемлестириўшилери) болыўы мүмкин.

Шөлкемлестириўши (бирликте шөлкемлестириўши) басып шығарыўшының қәнигелесиўин белгилейди ҳәм оның уставын тастыйықлайды.

**9-статья. Басып шығарыўшы**

Басып шығарыўшы:

-баспаның, полиграфиялық кәрханалардың, сондай-ақ баспа өнимлерин тарататуғын кәрханалардың шөлкемлестириўшиси (бирликте шөлкемлестириўшиси) болыў ;

-баспа өнимин шығарыўдың тематикалық жобаларын өз бетинше дүзиў ҳәм тастыйықлаў;

-шәртнама дүзиў, сырт еллердиң юридикалық ҳәм физикалық тәреплери менен ўатандарлық авторлардың шығармаларын сырт еллерде ямаса сырт ел авторларының шығармаларын Қарақалпақстан Республикасында пайдаланыў, басып шығарыў яки таратыў ҳаққында шәртнама дүзгенде оларды өз-ара келисимге тартыў;

-баспа өнимин таярлаў ҳәм басып шығарыўға буйыртпалар қабыл етиў;

-өз өнимлерин сатыў ҳәм нызам актлерине муўапық басқа да жумысларды әмелге асырыў ҳуқықына ийе болады.

**10-статья. Баспа өнимин таратыў тәртиби**

Баспа өнимин таратыў - шөлкемлестириўши, басып шығарыўшы, баспа, олар арасындағы келисим бойынша автор тәрепинен ямаса басқа юридикалық ҳәм физикалық тәреплер менен шәртнама тийкарында әмелге асырылады.

Баспа өнимин таратыў иси шәртнама тийкарында әмелге асырылады.

Баспа өними тек басып шығарыўшының ямаса ол ўәкиллик берген адамның рухсаты бойынша жарыққа шығарылады.

**11-статья. Баспа өниминиң шығыў мағлыўматлары**

Баспа өниминиң шығыў мағлыўматлары нызам актлери менен белгиленеди.

**12-статья. Авторлық басылымлар**

Егер нызам актлери менен белгиленген талапларға қарама-қарсы келмесе юридикалық ҳәм физикалық тәреплер өз қолжазбаларын ҳәм басқа да материалларын өзлериниң жеке қаржылары, қәўендерлери есабынан басып шығарыўға, таратыўға ҳақылы.

**13-статья. Жеңилликлер берилетуғын басылымлар**

Балалар, оқыў, илимий-техникалық, нормативлик-мағлыўматлық, мағлыўматлық-энциклопедиялық әдебиятлар, экспортлық баспа өнимлери, сондай-ақ көзи әззилер менен майыплар ушын арналған басылымлар жеңилликлер берилген шәртлерде басылыўы, қағаз ҳәм полиграфиялық қуўатлылықларға қоса басқа да ресурслар менен тәмийинлениўи мүмкин.

**14-статья. Баспа өнимин алып шығыў ҳәм алып келиў**

Қарақалпақстан Республикасының тысқарысына алып шығыў, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасына сырт ел баспа өнимин алып келиў ҳәм таратыў нызам актлерине муўапық әмелге асырылады.

**15-статья. Баспа жумысының тоқтатылыўы**

Баспа жумысы лицензия белгиленген тәртипте бийкар етилгенде яки оның пайдаланыў мүддети тоқтатылғанда, сондай-ақ нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа да жағдайларда тоқтатылады.

**16-статья. Баспа жумысы ҳаққында Нызам актлери талапларын бузғаны ушын жуўапкершилик**

Баспа жумысы ҳаққында Нызам актлери талапларын бузыўда айыплы шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.